



Dyare

Dyare

Menm si se yon sèl jou li dire, dyare toujou grav pou timoun.
Manman ak papa kapab anpeche yo mouri si yo okipe yo
byen. Men ki sa yo ka fè :

- Depi nou wè timoun nan pou pou dlo, ba li bwè sewòm oral ak anpil lòt likid tankou ji ak dlo, nan yon ti gode ak ti kiyè.
- Bay timoun nan tete pi souvan, bali manje tanzantan.
- Mennen timoun nan sant san pèdi tan, depi nou remake siy danje tankou:
 - Anpil pou pou dlo
 - Pèdi apeti, pa vle bwè, vomisman dridri
 - La fyèv, swaf anpil
 - San nan pou pou
 - Oswa si dyare a dire plis pase 3 jou